



The Home
for Little
Wanderers

Adrès yo:

Roslindale (Sit Prensipal)

780 American Legion Highway
Roslindale, MA 02131

Family Enrichment Site

@ Up Academy Dorchester (Sit segondè)

35 Westville Street
Dorchester, MA 02124

*Moun ki pa gen randevou kapab vini san pwoblèm.
Tanpri rele nan 6174698501 oswa al gade nan
www.thehome.org/frc pou jwenn orè biwo ak adrès
ki ajou yo oswa ou fè yon randevou.*



The Home
for Little
Wanderers
Strong families. Strong life.



Family
Resource Center
Konte Boston-Suffolk

(617) 469-8501

The Home for Little Wanderers (Fwaye pou Ti Vwayajè) ofri yon pwogresyon san rete pwogram ak sèvis enpòtan pou chak etap nan devlopman yon timoun oswa yon fanmi. Pandan plis pase 200 lane, nou te travay pou akèri yon repitasyon moun ki fè sa ki nesèsè pou ranfòse fanmi yo epi pou pwoteje timoun yo nan kominote yo, menmsi yo pa gen okenn sipò opre fanmi yo.

Nou ofri sèvis nan uit (8) lang diferan ak nan plizyè adrès nan tout Lès Massachusetts, ikonpri nan lekòl, klinik ak lakay. Staff moun devwe nou an gen ladann plis pase 130 klinisyen akredite ak 180 konseye swen dirèk, senk (5) sikyat, kat (4) sikològ ak 24 pwofesè.

Misyon Fwaye a se pou asire sante konpòtmantal, emosyonèl ak sosyal, devlopman edikasyon ansanm ak byennèt fizik timoun ak fanmi k ap viv nan sityasyon ki gen danje.

Si ou vle jwenn plis enfòmasyon osijè Fwaye an, al gade nan: www.thehome.org




**Strengthening our children
by giving their families the
tools they need to succeed.**

**The Home For Little Wanderers
Family Resource Centers**

(617) 469-8501 | FRC@thehome.org
www.thehome.org/frc | www.frcma.org



The Home for Little
Wanderers
Strong families. Strong life.



Kisa yon Sant Resous pou Fanmi yo ye?

Sant Resous pou Fanmi yo (Family Resource Centers, FRC) nan Massachusetts se yon rezo nan tout Eta a ki ofri sèvis pou ranfòse fanmi yo. Gen FRC nanchak konte nan Commonwealth la pou kenbe fanmi yo konekte ak resous ki genyen nan pwòp kominote yo. Anplis de asistans pou ede fanmi yo jwenn resous, FRC yo sipòte fanmi ki gen risk pou yo bezwen tribinal fè entèvansyon (Timoun ki Bezwen Asistans—CRA) akòz konpòtman yo.

Kimoun ki kalifye antanke Timoun ki Bezwen Asistans?

Yon Timoun ki Bezwen Asistans, ki te rele anvan sa Timoun ki Bezwen Sèvis (Child In Need of Services, CHINS), se yon timoun ki sove plizyè fwa, ki pa ale lekòl souvan, ki pa repekte lè pou rantre lakay li oswa ki pa respekte lòt règ rezonab paran yo fikse. Anvan, se sistèm lajistis penal jivenil ki te okipe timoun sa yo. Kounye an, jennjan yo kapab ale nan yon FRC pou yo mete yo an kontak ak sipò epi pou yo ka jwenn sèvis ki mete yo sou chimen pwogrè.

Kijan Nou Kapab Ede?

Gen anpil rezon kifè fanmi yo vini nan FRC an. Objektif FRC an se konekte moun k ap chèche asistans ak sèvis ki apwopriye yo, kèlkeswa si se nan FRC an menm oswa lòt kote nan kominote a. Staff la nan FRC kapab ede fanmi yo jwenn resous ki gen pou wè ak:

- Sipò pou lojman
- Asistans pou peye sèvis elektrisite, chofaj, dlo ak telefòn
- Asistans jiridik
- Kan pandan peryòd lete, lig espòtiv ak plis toujou

Timoun ak fanmi ki bezwen sipò adisyonèl oswa ki gen risk pou tribinal fè yon entèvansyon gendwa mande pou klinisyen nan FRC fè yon evalyasyon epi devlope yon Plan Sipò pou Fanmi pou jwenn solisyon pou bezwen timoun lan.

FRC an òganize epi fasilite gwoup ak evènman pou ranfòse fanmi yo; pou fè sa, li ba fanmi yo zouti yo bezwen nan edikasyon ak angajman.

Visite thehome.org/frc pu ou ka gade è enskri nan aktivite kap vini!

Kimoun Nou Ede?

FRC Konte Boston-Suffolk bay tout rezidan Commonwealth lan sèvis. Zòn sèvis prensipal nou yo gen ladann:

- Tout katye nan Boston
- Winthrop
- Chelsea
- Revere



Ki Sèvis Nou Ofri?

FRC ofri yon seri sèvis grasa staff li ki gen anpil eksperyans ak konesans. Lyezon Lekòl la pral ede fanmi yo ak pwoblèm ki gen pou wè ak:

- Absans lekòl ki pa jistifye (lekòl bwisonyè)
- Absanteyism (anpil absans)
- Edikasyon Espesyal
- Pwoblèm konpòtman

The **Family Support Workers** (Travayè ki Sipòte Fanmi) gen anpil konesans sou resous ki nan kominote an ak fason pou jwenn opòtinite pou fanmi yo.

Family Partners (Patnè Fanmi yo) ede fanmi yo konprann sistèm ki pran timoun anchaj epi li itilize eksperyans yo te fè pandan lavi yo antanke moun ki bay timoun swen pou etabli patenarya avèk lòt moun ki bay timoun swen pou ede yo reyalize objektif yo.

FRC an fasilite gwoup ak klas pou fanmi yo tankou gwoup pou paran ki baze sou prèv ak klas pou jesyon kolè.